# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# बुद्धिमान राजा सुलैमान


लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Lazarus

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen


कहानी 22 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

राजा दाऊद परमेश्वर क एगो महान जन रहलन। उनकी शासन काल की दौरान, इस्राएल, राजा शाऊल की राज्य की तुलना में दस गुना बड़ हो गइल रहल। लेकिन अब उ शासन ना कर सकत रहलन।



1

दाऊद बूढ़ हो चुकल रहलन। उ थक गइल रहलन! अउर बीमार रहत रहलन! उनकर पृथ्वी पर क जीवन अपनी अंतिम कागार पर रहल।



2



दाऊद क कई लइकन
में से एगो, अदोनिय्याह,
इस्राएल की लोगन के
बतवलन कि अब उ
राजा होइहन। उनकी
नाम क अर्थ "हमार
परमेश्वर ही हमार प्रभु
हउवन" अदोनिय्याह
बढ़ियाँ आदमी ना
रहलन।

3



ई जनला की बाद
की दाऊद बचवला
में कमजोर बाड़न,
कपट अउर चोरी से
सिंहासन चोरवला
क कोशिश कइलन।
लेकिन परमेश्वर क
आपन एगो अलग
योजना रहल!

4

दाऊद क पत्नी बतशेबा के
पता रहल की उनकर बेटा
सुलैमान ही राजा होइहन। उ
अदोनिय्याह की योजना की
बारे में दाऊद के बतवनल।
जबकि उ बुरी तरह से बीमार
रहलन तौभी, दाऊद अपनी
अगुवन के बोलवलन अउर
सार्वजनिक रूप से सुलैमान
के इस्राएल क राजा
बना दिहलन।



5

सुलैमान के अदू निय्याह की साथ कवनो अधिक परेशानी
ना भइल काँहे से कि इस्राएल की लोग दाऊद की बातन पर
विस्वास कइलें। दाऊद ओ सबके बतवलन की सुलैमान के
परमेश्वर उनकर राजा होखे खातिर चुनले हउवन। शीघ्र ही,
दाऊद क मौत हो गइल।



6



दाऊद अपनी मूवला से पहिले
एगो बढ़ियाँ राजा होखे अउर
परमेश्वर की आज्ञा क पालन
कइला की बारे में सुलैमान
के सिखवलन। दाऊद अपनी
बेटा से कहलन, "तोहके सब
कुछ में समृद्ध होखे खातिर के,
परमेश्वर की नियम से चले के
पड़ी," ई एगो बढ़ियाँ सलाह
रहल! तब सुलैमान अपनी
पिता, दाऊद की सिंहासन पर
बइठलन, अउर उनकी राज्य
के मजबूती से स्थापित
कइलन।

7

एक रात, सुलैमान एगो सपना
देखलन। उनकी सपना में, परमेश्वर
उनके दर्शन देके कहलन,
"तोहके जेवन कुछ चाहीं
मांगअ, हम तोहके
देइब?" आप
अपनी खातिर
का मंगतीं?



8


सुलैमान एगो बढ़ियाँ राजा होखे खातिर बुद्धि के मंगलन। नौजवान राजा अनुरोध कइलन अउर उन पर परमेश्वर के कृपा भइल। सुलैमान जेवन मंगलन परमेश्वर उनके दिहलन अउर उनकी साथ – परमेश्वर उनके महान धन अउर सम्मान दिहला क वादा भी कइलन।
9
सुलैमान की ज्ञान क खोज कइला मे लोगन के ज्यादा वक्त ना लागल। एक दिन, दूगो महतारी एगो लइका की साथ, उनकी सामने अइलीं। पहिलकी महिला कहलस "ए महिला की बेटा क रात में देहांत हो गोइल, अउर उ हमारी जीवित लइका के उठा लिहलस अउर अपनी मूवल लइका के हमरी पास छोड़ दिहली हअ।" पर एगो अउर दूसरकी महिला कहली, "ना! जेवन जीवित बा उ हमार बेटा हअ, अउर मरलका ओकर हअ।" राजा कइसे बता सकत रहलन कि लइका क असली माई के हअ?
10
तब राजा कहलन, "एगो तलवार ले आव जा" तब उ राजा की सामने एगो तलवार ले आइलें। आपके का लागता कि राजा ए तलवार की संगे का कइला क योजना बनावत रहलन?
11
राजा कहलन, "लइका के दू टुकड़ा में बाँट द अउर एगो के आधा अउर दूसरकी के आधा करके दे दअ।" तब फिर जीवित लइका क महतारी कहली, "हे हमार प्रभु, उ जीवित लइका के मत मारअ, ए जीवित लइका के ओहि के दे दअ"।
12
लेकिन दूसरकी मेहरारू कहलस, "ओ लइका के न हमार अउर न ही ओकर होखे द, ओ के दू टुकड़ा में बाँट दअ।"
13
तब राजा कहलन, "पहली महिला के जीवित लइका दे दअ, उहे ओकर असली महतारी हअ" अउर पूरा इस्राएल ए फैसला के बारे में सुन के, उ सब राजा क बहुत सराहना किइलें। उ लोग ई देखलें की उनकरा में परमेश्वर क ज्ञान रहल।
14


इस्राएल की लोगन की पास परमेश्वर क पूजा करे खातिर, कवनो मंदिर ना रहल। जब दाऊद एगो मंदिर की निर्माण कइला क योजना बनवलें, तब परमेश्वर उनसे कहलन कि, "तोहार बेटा हमरी नाम की खातिर मंदिर क निर्माण करिहन।"
15


ए खातिर सुलैमान यरूशलेम में एगो अद्भुत भव्य मंदिर क निर्माण शुरू कइलन।
16


ए मंदिर की निर्माण में सात साल लागल। लेकिन ओ महान दिन पर लोग सुलैमान के सुने खातिर अइलें जब उ मंदिर के यहोवा खातिर समर्पित करे वाला रहलन।
17


एगो अद्भुत प्रार्थना की बाद राजा अउर लोग खुशी से हजारन की तादाद में बलि चढ़वलें अउर दू सप्ताह तक एगो महान दावत कइलें।
18


एकरी बाद, परमेश्वर सुलैमान के फिर से दिखाई दिहलन अउर वादा कइलन की जब तक उ यहोवा क बात मनिहन उ इस्राएल के आशीष देत रहिहन।
19


अफसोस क बात हअ, न सुलैमान अउर न ही इस्राएल क लोग सदा खातिर परमेश्वर क बात मनलन। राजा बहुत औरतन से शादी कर लीहलन लेकिन परमेश्वर ना चाहत रहल की उ ओ औरतन से शादी करें। उनकर असभ्य मेहरारू लोग उनकी मन के मूर्तिन की पूजा की खातिर मोह दिहली, जेवनी तरह उनकरी बाप दाऊद क दिल परमेश्वर की प्रति वफादार रहल, अब सुलैमान क दिल ओइसन ना रहल।
20

जबतक सुलैमान परमेश्वर क आज्ञा क उलंघन कइला में समय बर्बाद कइलें, उनकी अधिकारियन में से एगो यारोबाम के एगो अजीब अनुभव मिलल। एगो भविष्यद्‌वक्ता यारोबाम के बतवलन की परमेश्वर सुलैमान की राज्य के दू भाग में बटिहन, बारह में से दस गोत्रन क शासक यारोबाम होइहन।




21

यारोबाम जल्दी से मिस्र देश में भाग गइलन। उ जानत रहलन कि यदि उ उहां रहिहन त सुलैमान उनके जान से मार डालिहंन।




22



अंततः सुलैमान क मृत्यु हो गइल। उनकर बेटा रहूबियाम, सुलैमान की तुलना में लोगन पर अउर भी भारी लगान लगवलस। दस गोत्र मिलके उनकरी बिरूद्ध बगावत कइलें - अउर उनकर अगुवा होखे खातिर यारोबाम के चुनलें।

23



जइसन की परमेश्वर क भक्त कहले रहलन, ओइसने सुलैमान क महान राज्य, दू भागन में बँट गइल। परमेश्वर अनाज्ञाकारी लोगन के आशीषित ना करे लें!

24

बुद्धिमान राजा सुलैमान

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

1 राजा 1-12

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन  आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !